

DEFANSÈ POU TRAVAYÈ KI PRAN CHÒK

Komisyon Konpansasyon Travayè The Advocate for Injured Workers

328 State Street
Schenectady, NY 12305
(877) 632-4996
advinjwkr@wcb.ny.gov

Defansè pou Travayè ki Pran Chòk (Advocate for Injured Workers) ofri prezantasyon sou afè konpansasyon travayè ki enpòtan pou travayè yo, sendika travayè yo, patwon yo, gwoup COSH (Committee for Occupational Safety and Health, Komisyon pou Sekirite Nan Lye Travay ak pou Sante) yo, ak gwoup sipò travayè ki pran chòk yo.

Rele oswa voye yon imèl pou pran randevou pou yon sesyon.

Biwo Defans pou Travayè ki Pran Chòk se yon sèvis ka gen parèy li ki la pou ede travayè ki pran chòk yo oswa ki vin malad nan djòb yo nan Eta New York. Anplwaye Defans lan bay oryantasyon ak enfòmasyon pou travayè ki pran chòk yo pou pèmèt yo pwoteje dwa yo nan sistèm konpansasyon travayè yo.

Si ou pa byen konnen dwa ou kòm yon travayè ki pran chòk, senpleman fè yon koutfil pou jwenn èd. Rele nimewo **(877) 632-4996** epi mande pou **biwo Defansè Travayè ki Pran Chòk**. Anplwaye ki nan biwo Defansè a kapab ba ou repons dirèk konsènan:

- Fason pou depoze yon reklamasyon
- Ki fòm ou dwe itilize
- Kimoun ki gen pwoteksyon
- Reklamasyon ki konteste yo
- Dwa pou odyans ak kontestasyon
- Depo reklamasyon alè
- Konsèvasyon dosye
- Wòl ou nan tretman medikal ou
- Ki avantaj medikal ki disponib
- Reyabilitasyon ak travay sosyal
- Sa ki pou fèt sizoka ou mouri

Defans pou Travayè ki Pran Chòk ap vwayaje toupatou nan Eta a pou rankontre avèk sendika travayè, patwon, gwoup sekirite/sante nan travay, gwoup sipò travayè ki pran chòk pou bay yo dènye enfòmasyon sou chanjman nan sistèm konpansasyon travayè.



Si Ou Pran Chòk nan Djòb la

Lè ou pran yon **chòk nan espas travay la**, ou ta dwe:

- Chèche premye sekou oswa lòt tretman medikal san pèdi tan.
- Rapòte chòk la ba patwon ou alekri nan 30 jou apre aksidan an.
- Depoze yon reklamasyon devan Komisyon Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation Board) NYS nan de (2) jou apre dat ou pran chòk la; men li pi bon pou depoze reklamasyon an touswit.

Si doktè dekouvri ou gen yon **maladi akòz travay ou** oswa **yon maladi ou pran nan travay ou**, ou ta dwe chèche tretman medikal ki nesèsè san pèdi tan.

Ou dwe depoze reklamasyon konpansasyon travayè pou yon maladi ou pran nan travay nan dezan apre lè ou te vin malad; oswa dezan apati dat ou te konnen yon pwofesyonèl swen sante te di ou maladi ou te asosye avèk travay ou.

FASON POU DEPOZE YON REKLAMASYON

FASON KI PI RAPID LA: Ale sou sitwèb wcb.ny.gov epi chwazi **File a Claim** (Depoze yon Reklamasyon), ansuit ranpli seksyon **vèsyon sitwèb Employee Claim (Demann Anplwaye, Fòm C-3H)** pou soumèt fòm nan sou entènèt.

Si ou gen kesyon konsènan fason pou depoze yon **Demann Anplwaye (Fòm C-3H)**, tanpri rele nimewo **(877) 632-4996** epi yon reprezantan Komisyon an ap ede ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fòm konpansasyon travayè ou, tanpri rele nimewo:

(877) 632-4996

Y ap mande ou enfòmasyon sa yo lè ou rele:

- Non ou
- Nimewo dosye WCB ou
- Nimewo telefòn (avèk kòd postal) kote yo kapab kontakte ou
- Yon ti deskripsyon pwoblèm nan ak nenpòt korespondans ou te resevwa

Swen Medikal

Se konpayi asirans patwon ou ki peye pou tout swen medikal ki apwouve pou chòk oswa maladi. Swen sante a garanti si kit ou pèdi tan kit ou pa pèdi tan nan travay la. Yo peye li tou anplis nenpòt avantaj pou salè ou pèdi.

Pwofesyonèl swen sante yo dwe jwenn otorizasyon Komisyon an. Ou kapab jwenn yon lis pwofesyonèl swen sante otorize sou sitwèb Komisyon an nan **wcb.ny.gov** oswa ou kapab rele Biwo Direktè Medikal (Medical Director) la nan nimewo **(800) 781-2362**. Ou kapab resevwa swen sante nan nenpòt klinik pwofesyonèl swen sante yo sa yo oswa nan klinik doktè pa ou si li gen otorizasyon.

Avantaj pou Salè Ou Pèdi

Yo peye avantaj konpansasyon travayè pou salè ou pèdi dapre bon jan dokiman medikal ou resevwa nan men doktè ki trete ou. Yo peye avantaj yo a de-tyè salè mwayen pa semèn ou, dapre salè ou pou 52 semèn anvan dat ou te pran chòk la, epi peman an pa depase kantite lajan avantaj maksimòm lalwa otorize.

Kantite lajan avantaj maksimòm ajiste chak 1ye jiyè. Li baze sou Salè Mwayen pa Semèn pou ane almannak anvan an jan Manm Komisyon Travay (Commissioner of Labor) rapòte li ba Sipè-Entandan Asirans (Superintendent of Insurance) lan 31 mas chak ane.*

Si ou t ap travay nan plis pase yon djòb nan moman ou te pran chòk la, yo ka konsidere sa kòm "travay anmenmtan". Nan ka sa a, ou ta dwe rapòte salè ou touche nan chak djòb ba Komisyon an. Si se "travay anmenmtan", y ap fè total salè yo pou detèmine salè mwayen pa semèn ou.

**Tarif avantaj yon travayè ki pran chòk resevwa (yo detèmine li selon dat chòk la) pa ogmante si yo adopte nouvo avantaj maksimòm yo an lwa.*

Fwod nan konpansasyon travayè se yon krim klas E, epi ou ka tonbe anba pinisyon pou pase katran nan prizon epitou peye yon amann \$5000 dola

SONJE: SEKIRITE TOUJOU

Pi Bon Aksidan an se Sa ki Pa Janm Rive a